


OU GEN DWA POU FÈ KONTRIBISYON POU ÒGANIZASYON BENEVÒL ATRAVÈ TRAVAY OU

Anba Fast Food Deductions Law (Lwa Dediksyon Restoran Manje Rapid) Vil New York, anplwayè restoran manje rapid yo dwe aksepte demann anplwaye yo pou retire peman ou chèk travay yo pou voye bay òganizasyon benevòl ki gen yon lèt enskripsyon nan men Depatman Afè Konsomatè (Department of Consumer Affairs, DCA). Anplwaye yo dwe afiche anons sa a yon kote l ap fasil pou anplwaye yo wè nan chak espas travay nan Vil New York.

Travayè nan Restoran Manje Rapid Lwa sa a Kouvri

Anplwaye ki fè omwen youn (1) nan travay sa yo nan yon restoran manje rapid nan Vil New York:

- sèvis kliyan
- kwit manje
- prepare manje oswa bwason
- livrezon deyò
- sekirite
- ranje machandiz oswa ekipman
- netwaye
- travay antretyen woutin



Lwa a kouvri tout travayè san gade sou sitiyasyon yo ak imigrasyon.

Anplwaye yo pa gen dwa pini, penalize, vanje oswa fè okenn bagay kont anplwaye ki kanpe yo oswa anpeche yo egzèse dwa yo genyen selon lalwa. Travayè yo dwe kontakte OLPS san pèdi tan si yon patwon te vanje yo. Gade anba a.

Dwa ou yo



Otorize Dediksyon ak Kontribisyon Volontè pou yon Òganizasyon Benevòl

Pou asire anplwaye ou fè dediksyon yo sou chèk travay ou epi li voye kontribisyon yo bay yon òganizasyon benevòl, òganizasyon benevòl la dwe soumèt otorizasyon alekri ou te bay anplwaye ou ak:

- Siyati ou
- Non ak adrès ou
- Montan kontribisyon an, kantite fwa pou fè li, ak dat pou kòmanse kontribisyon an
- Non, adrès, ak enfòmasyon pou kontakte òganizasyon benevòl la
- Yon deklarasyon ki di dediksyon ak kontribisyon sa yo fèt ak volonte ou epi ou ak anile yo

Dediksyon an dwe kòmanse avan premye peryòd pewòl la 15 jou apre anplwaye ou resevwa otorizasyon an oswa avan. Anplwaye a pa oblije fè dediksyon ki pi piti pase \$3 pa semèn oswa fè dediksyon ki plis pase yon peryòd pewòl.

Anplwaye ou dwe :

- Bay òganizasyon benevòl la yon kopi otorizasyon ekri ou a nan 5 jou oswa pi piti apre yo resevwa li, si ou bay anplwaye ou otorizasyon ekri a.
- Make dediksyon yo sou etadkont salè ou.

Anplwaye ou pa kapab:

- Fè dediksyon san otorizasyon ou.
- Egzije ou peye yon frè pou dediksyon yo.



Anile Otorizasyon ou a

Pou sispann fè dediksyon ak kontribisyon volontè yo, ou dwe soumèt yon dokiman bay òganizasyon benevòl la pou anile li, epi yo pral voye li bay anplwaye ou. Dediksyon an dwe fini avan premye peryòd pewòl la oswa 15 jou apre anplwaye ou resevwa lèt pou anile otorizasyon an nan men òganizasyon benevòl a oswa avan sa.



Resevwa enfòmasyon sou Òganizasyon Benevòl la

Òganizasyon an dwe ba ou:

- Non, adrès, imèl, sitwèb (si li gen youn), nimewo telefòn, ak enfòmasyon pou kontakte moun ki responsab pou otorizasyon ak pou lè yo anile otorizasyon yo
- Misyon, pwogram, ak domèn konsantrasyon
- Mete non ofisyè ak direktè yo, tankou moun k ap touche plis pase \$100,000 ki t ap travay oswa k ap travay pou òganizasyon an
- Enfòmasyon finansyè
- Prè yo gen estati òganizasyon benevòl

Li ilegal pou yon òganizasyon benevòl ba ou manti.

Òganizasyon travay yo pa ka eseye jwenn kontribisyon. Nenpòt òganizasyon benevòl ki resevwa kontribisyon dwe ba ou enfòmasyon sa yo:

KONTRIBISYON BAY ÒGANIZASYON TRAVAY:

Lwa Relasyon Travay Nasyonal la defini òganizasyon travay jan li defini nan sou-divizyon 5 seksyon 201 lwa sèvis sivik la, ak òganizasyon travay jan li defini nan sou-divizyon 5 seksyon 701 nan lwa travay la pa gen dwa mande lajan anba chapit sa a selon sou-divizyon b seksyon 20-1310 (Lwa Lokal 98 ane 2017).

Depoze yon Plent

Biwo Règleman ak Estanda pou Travay (Office of Labor Policy & Standards, OLPS) nan DCA ap mete Fast Food Deductions Law Vil New York ak lòt lwa travay Vil New York ann aplikasyon.

Pou depoze yon plent ak OLPS, ale sou sitwèb nyc.gov/dca oswa rele **311** (212-NEW-YORK deyò NYC) epi mande pou “Deductions Law.” OLPS pral mennen yon ankèt epi eseye regle plent ou an. **OLPS pral kenbe idantite ou konfidansyèl amwenske li nesèsè pou bay idantite ou pou mennen ankèt la kòm sadwa oswa lalwa egzije sa.**

Ou ka depoze yon aksyon nan tribinal. Men, ou pa ka gen yon plent ak OLPS epi yon reklamasyon nan tribinal an menm tan.

Kontakte OLPS

Ale sou sitwèb nyc.gov/dca, imèl FWW@dca.nyc.gov, or kontakte **311** epi mande pou “Deductions Law.”



Consumer
Affairs

Bill de Blasio
Mayor

Lorelei Salas
Commissioner